*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№163 (26376)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 9 сентябрь – рухæны мæйы 9 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
*Цардмæ сæ раздахдзыстæм*

3 УÆЛАХИЗЫ 80 АЗЫ КАДÆН
*Црау хæсты рæстæг*

4 ФОРУМ
*Цæстыты æнæниздзинад бахъахъхъæнынæн*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Хицауады æмбырд

## Цæгат Ирыстоны байгом сты 15 ног скъолайы

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд республикæйы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы Хицауады уæнгтæ, министрадтæ æмæ ведомствæты, стæй районты разамонджытæ. Боны фæткы уыдысты республикон æмæ паддзахадон проекттæ æмæ æндæр лыгæнинаг фарстатæ.**



Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ доклады фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæры. Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы фæндæгтыл цы фæндаггон фыдбылызтæ æрцыд, уым хъыгдард баййæфтой 22 адæймаджы. Транспорты æппæт хуызтæн дæр фадат ис Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтыл æнæкъуыхцыйæ ацæуынæн. Республикæйы фæндæгтыл лæууы 895 транзитон уæзласæн машинæйы, уыдонæй 530 – сæрмагонд бынæтты, электронон рады æнхъæлмæ кæсынц 1900. 1 сентябрæй 7 сентябрмæ Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны арæныл дыууæрдæм ахызтысты 27,9 мин транспортон иуæг æмæ 80,6 мин адæймагæй фылдæр, – загъта Томайы-фырт.

Республикæйы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, хæстæгдæр бонты тæссаг уыдзæн зынгсирвæзтытæ, тыхджын къæвдатæ æмæ донивылдтытæй.

«Роспотребнадзор»-ы цæгатирыстойнаг хайад фехъусын кодта, республикæйы эпидемиологон уавæр нывыл кæй у, уый. Ивгъуыд къуырийы æртæ адæймагмæ разынд ног коронавирусон инфекци.

РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад рахиздзæн ног уæрæсейаг мессенджер «MAX»-мæ. Уыимæ, уыцы хъуыддаг сæ къухы æнцонæй бафтдзæн, уымæн æмæ раздæры системæ «Сферум» хаст æрцæудзæн «MAX»-мæ. Ноджы ма республикæйы, бындурон цалцæджы фæстæ, байгом сты 15 скъолайы. Афæдзы кæронмæ ма байгом уыдзысты ноджыдæр 15, афтæмæй ацы аз «Модернизаци»-йы программæйы фæлгæты бындурон цалцæг æрцыдысты 102 скъолайы. Уый тыххæй аппаратон æмбырды фехъусын кодта республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ.**

– Æхсызгон у, ахуырады системæйы рæзт æмæ скъолаты бындурон цалцæгæн нæ республикæйæн федералон бюджетæй 11 миллиард сомы бæрц лæвæрд кæй æрцыд, уый. Ацы куыст ног азы дарддæр дæр ахæццæ кæндзыстæм. Регионы Сæргълæууæг Сергей Меняйло нæ размæ цы хæс сæвæрдта, æппæт ахуырадон уагдæттæ дæр рацаразын, цæмæй сывæллæттæн уа, нырыккон домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм уавæртæ, уый баххæст кæндзыстæм. Фæнды ма мæ бузныг зæгъын РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад æмæ Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Отарты Георгийæн**, – загъта министр.

Республикæйы Транспорты комитетмæ хъаст бахастой Хуссайраг поселочы цæрджытæ. Комитеты сæрдар **Закаты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, æхсæнадон транспорт нывыл кæй нæ цæуы, уый тыххæй поселочы адæм æрæджытæ кæнынц ахуырмæ æмæ куыстмæ.

Дзанайты Барис ма æмбырды фехъусын кодта, Алагиры районы Садоны поселочы цæрджытæ дæр хъаст кæй кæнынц, доны хæтæлты цалцæджы фæстæ поселочы фæндæгтæ къæхтытæй кæй баззадысты, æмæ бафæдзæхста профилон ведомствæйæн уыцы фарста аиуварс кæнын. Алагиры районы разамынд цæрджытæн зæрдæ бавæрдтой, иу мæйы æмгъуыдмæ фæндæгтæ кæй сараздзысты, уымæй.

Æмбырды ма ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Национ проект

## Хуыздæр фадæттæ онкологион рынчынтæн



**Дзæуджыхъæуы 1-æм поликлиникæйы бындурыл байгом Онкологион рынчынтæн амбулаторон æххуысы центр. Раздæр ахæм æххуыс кодтой иунæг кабинеты, ныр уавæртæ фæпарахатдæр сты: ис дзы процедурæтæ кæнæн, хъæдгæмттæ бæттæн кабинеттæ æмæ боныгон стационар.**

Уыдæтты руаджы рынчынтæ дæр æвзарынц удæнцойдзинæд, дохтыртæ дæр сæ архайды ахадындзинад æнкъарынц. Хайад байгом кæнынмæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**, Æнæмæнг медицинон фæдзæхстады фонды разамонæг **Дзæгъойты Алан**.

Министр куыд радзырдта, афтæмæй рынчынтæ æмæ дохтырты нырыккон фадæттæ зынгæ фæхуыздæр кæндзысты дзæбæхгæнæн мадзæлттæ, рынчынтæ сæхи хуыздæр æнкъардзысты. «Национ проекттæ царды уадзынæн уый ахсджиаг къахдзæф у, республикæйы онкологион æххуыс раттыны авналæнтæ дæр зынгæ фæхуыздæр сты», – загъта Тебиайы-фырт.

Раздæр-иу рынчын адæм химиотерапи кодтой хирургон рынчындоны иннæ рынчынтимæ иумæ, ныр сæ бон у хицæн хайады, рады нæ лæугæйæ, медицинон æххуыс райсын. Дзæбæх кæныны мадзæлттæ фадатджындæр кæй кæнынц, уый бæрæг у. 1-æм поликлиникæйы сæйраг дохтыр **Мецъаты Зæлинæ** куыд зæгъы, афтæмæй фыццаг медико-санитарон æххуыс кæнынц, ардæм дзæбæхгæнæн мадзæлттæ райсынмæ цæуынц Дзæуджыхъæуы рахиз фарсы цæрджытæ.

«Национ проектты сæйраг бæрæггæнæнтæ æххæст кæнæм, ома, сæ нысантæ æмæ хæстæ. Ацы азæй бавнæлдтам национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард» æххæст кæнынмæ. Уый руаджы нæм фæзынд ацы ног хайад – Онкологион рынчынтæн медицинон æххуысы центр. Ам сæйрагдæр у низ афойнадыл раиртасын, рынчынтæ хъуамæ къуындæг, тыхст уавæртæ ма 'взарой», – фæбæрæг кодта сæйраг дохтыр.

Ацы национ проект фæзынд Уæрæсейы Президент Владимир Путины амынддзинады руаджы.

**ДЖИХАТЫ Стэллæ,**
**æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ**

Фембæлд

## Ахуырады фарстатæ

**РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр Алыбегты Эллæ ног ахуыры азы райдайæны æмбырд саразта нæ республикæйы ахуырады къабазы хайæдты сæргълæуджытæ æмæ центрты разамонджытимæ. Æмбырды архайдта министры хæдивæг дæр.**



**Алыбегты Эллæ ног ахуыры азы къæсæрыл арфæ ракодта се 'ппæтæн дæр æмæ фæбæрæг кодта, æнтыстджын ахуырады процессы организацион куыст куыд тынг вазыгджын у, уый. Æмбырды рæстæг ныхас цыдис ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæн æххуыс æмæ хæрзхъæд ахуырады æмвæзад бæрзонддæр кæныны мадзæлттыл.**

**Хицæнæй хъусдард цыдис æмбырды ахъаззагдæр фарстатыл, мадзалы архайджытæ боны фæткмæ рахастой, бюрократон процедурætæ кæй хонынц, уыдон фæкъаддæр кæнын, бæлвырд нысанты фæдыл фембæлдтытæ та ноджы мидисджындæр кæнын.**

**Министр ма фæнысан кодта министрады размæ ахуырады къабаз æмæ хайады архайды куыст фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ.**

***РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ***

Уынаффæ

## Зæххы хæйттæ – граждæнты уæлбар къордтæн

**Ногиры хъæумæ 'ввахс царды уагъд æрцæудзæн сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, бирæсывæллонджын бинонтæ æмæ граждæнты иннæ уæлбар (льготный) къордтæн цæрæнуæттæ раттыны проект.**



Республикæйы Сæргълæууæджы ацы уынаффæйы тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад. Цæрæнуæттæ аразынæн зæххы хæйттæ ратдзысты, раздæр горæт-спутник «Долина Симд» аразынмæ кæм хъавыдысты, уыцы ран.

Фыццаг рады пъланы ис фæндаггон инфраструктурæ баныввыл кæнын, стæй йæм бауадздзысты дон.

Уымæй уæлдай ма граждæнты уæлбар къордтæн цæрæнуæттæ саразынæн зæххы хæйттæ лæвæрд æрцæудзæн Æрыдоны, Мæздæджы, Дыгуры. Горæтгæрон æмæ республикæйы иннæ районты.

Арæзтадæн æхцайы фæрæзтæ ратдзæн федералон центр. Уыцы иу рæстæг дзы фæзындзæн инженерон хызтæ, стæй социалон инфраструктурæйы объекттæ.

**Сергей Меняйло** аппаратон æмбырды Хицауадæн бахæс кодта граждæнты уæлбар къордтæн цæрæнуæттæ саразынæн зæххы хæйттæ ссарын.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## Дзырды фарн

*Нæ дуне куыд мæнг у,*
*Куыд тухæн у цард,*
*Рæстудæн куыннæ и*
*Нæ зæххыл бынат...*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

Æмбырд

# Цардмæ сæ раздахдзыстæм

**РЦИ-Аланийы æнæниздзинады ведомствæйы разамонæг ТЕБИАТЫ Сослан Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады оперативон штабы æрвылкъуырион æмбырды фæбæрæг кодта, регионы проект «Æнæниздзинад фæхъæддыхдæр кæныны медицинон реабилитаци» царды куыд æнтысы, уый.**

Проект æххæст кæнынмæ бавнæлдтой 2022 азы, ацы аз æй адарддæр кодтой национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард»-ы руаджы. Цæгат Ирыстоны сфидар кодтой хистæр кары адæм æмæ сывæллæтты медицинон реабилитацийы æртæ къæпхæны. Медицинон æххуыс лæвæрд цæуы зæрдæйы дадзинты, æнцойгæнæн цæуыны аппараты, нервытæ æмæ раковиды фæстæ низтимæ адæмæн. Хистæр кары адæмы дзæбæх кæнынц Республикон клиникон рынчындоны, кæстæрты – Сывæллæтты республикон клиникон рынчындоны.

Ацы азæй медицинон реабилитацийы мадзæлттæ æххæст кæнынц 16 медицинон кусæндоны, уыдонимæ сты сывæллæттæ дзæбæхгæнæн 3 кусæндоны. Æппынæдзух кусæг рынчындæтты ис 277 бынаты, боныгон рынчындæтты та – 239. Ацы азы 8 мæймæ реабилитацийы мадзæлттæ скодтой 5486 рынчыны, уый, фароны уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, у фылдæр.

Цæмæй æххуысы авналæнтæ парахатдæр æмæ хъомысджындæр кæной, уый тыххæй медицинон кусæндæттæ ифтонггонд цæуынц нырыккон аппараттæй. Зæгъæм, фарон уыцы нысанимæ Республикон клиникон, Сывæллæтты республикон, Горæтгæрон районы рынчындæттæ, 1-æм поликиникæ нырыккон ифтонггæрзтæй баххæст кодтой. Ацы аз та хъавынц Дзæуджыхъæуы 7-æм поликлиникæ сифтонг кæнын, æдæппæтæй дзы сæвæрдзысты 33 милуан сомы аргъ аппараттæ.




Тебиайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, медицинон реабилитацийы райрæзт республикæйы ссис национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард»-ы ахсджиаг хай. «Мах уынæм, рынчынтæ афойнадыл хæрзхъæддæр æххуыс кæй райсынц, нæ ифтонгад та фадат дæтты, цæмæй рынчынты æнæниздзинад зынгæ фæхуыздæр уа. Нæ граждæнты æнæниздзинад йæ гаччы сбаддзæн, медицинон реабилитаци сæ раздахдзæн цардмæ», – загъта Цæгат Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр.

**ДЖИХАТЫ Стэллæ,
Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ**

Горæты фæлгонцад

# Вагзалы раз фæзуатмæ базилдзысты

**Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы вагзалы раз фæзуаты тагъд рæстæг райдайдзысты фæлгонцадон куыстытæ. Уый тыххæй фехъусын кодта горæты администрацийы пресс-службæ.**

**Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, горæты администрацийы бæрнон кусджытæ фембæлдысты акционерон æхсæнад «Уæрæсейы æфсæнвæндæгтæ»-йы (уыцы компанийы бæрны ис вагзалы алфамбылай фæзуат) минæвæрттимæ æмæ æрдзырдтой амынд тæлмы рацарæзты фарстайыл. Цалцæджы куыстытæ бакæндзысты иумæйаг хъарутæй.**




**Куыд баныхас кодтой, афтæмæй ног ахорæнтæй рацæгъддзысты вагзалы бæстыхай, саив æй кæндзысты нырыккон цырæгътæй. Фæзуат æрæмбæрздзысты ног асфальт æмæ къæйдурæй, раивдзысты бандæттæ æмæ уынджы рухсыты телыхъæдтæ, базилдзысты бæлæстæм...**

**Горæты администрацийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, цалцæггæнджытæ ныридæгæн раивтой бандæттæн сæ саст хæйттæ. Уыимæ, куыд нысангонд цæуы, афтæмæй фæзы рацарæзты куыстытæн сæ сæйраг хай бакæндзысты октябры.**

**БУТАТЫ Азæмæт**

Æнтыст

# Национ проекты руаджы

**Уæрæсейы спаржæйы тæккæ стырдæр хуымтыл нымад у «Спаржæйы дæлвæз». Æрынцад Цæгат Ирыстоны. Ацы аз куыстуаты къухы бафтыд бæллиццаг æнтыст – быдырты 55 гектары фæзуатæй æрæмбырд кодтой уыцы пайдайаг продукцийы 234 тоннæйы. Уый у, фароны бæрæггæнæнтимæ абаргæйæ, 15,6 тоннæйы фылдæр.**

**Ахæм æнтыстæн тынг феххуыс, компанийы тæккæ нырыккондæр кусæнгæрзтæ кæй ис, стæй, продукци кæм дарой, уыцы бынæттæ аккаг уавæры кæй сты, уый дæр. Ардыгæй спаржæ æрвитынц нæ бæстæйы алы къуымтæм. Компанийы æнтыстытæ хъæздыгдæр æмæ бирæвæрсыгдæр кæнынц нæ республикæйы агропромышленнон комплексы гæнæнтæ, фæзминаг сты иннæ хъæууонхæдзарадон куыстуæттæн дæр.**



**Цæгат Ирыстоны азæй-азмæ фылдæрæй-фылдæр æргом здæхт цæуы бынæттон продукцийы рауагъдмæ, уымæн та уæлдай æххуыс у национ проект «Хæлцы æдасдзинадæн технологиты рæзт».**

**Нæ уацхæссæг**

Хъæбатыртæ – нæ алыварс

# Æфсæддон дохтыртæ



**Æрæджы сæ профессионалон бон сбæрæг кодтой æфсæддон медиктæ. Ныры рæстæг уыдонæн ис уæлдай кад, уымæн æмæ сæ дæсныйады баиу вæййынц дохтыры дæсныдзинад, хъæбатырдзинад, равзæрст куыстыл иузæрдиондзинад. Цавæрфæнды уæззау уавæрты дæр сæ хæстæ намысджынæй сæххæст кæнынмæ уыдон алкæддæр сты цæттæ.**

Нæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты цард æмæ æнæниздзинадыл бæрнон уæвгæйæ, хæстон медиктæ æрвылбон сæ хæстæ æххæст кæнынц, сæхи цард ницæмæ даргæйæ. Уыцы хъæбатыр дохтыртæй иу у не ’мзæххон **Владимир Ткаченко**. Йæ профессионалон фæндаг райдыдта Бетъырбухы Æфсæддон-медицинон академийы. Уый фæстæ службæ кодта Мæздæджы, стæй та йæ хæстæ æххæст кодта, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ. Хæсты быдырæй-иу цæф æфсæддонты йе ’ккой рахаста, нæмгуыты æхстæй сæ ирвæзын кодта, быдырон уавæрты сæ дзæбæх кодта, медицинон æххуыс кодта сабыр цæрæг бынæттон адæмæн дæр. Лæгдзинад, фæлмæнзæрдæ æмæ тæригъæддзинад систы йе ’рвылбоны æмдзугæнджытæ, йе стырдæр хорзæх та – мæлæтæй кæй аирвæзын кодта, уыцы адæм.

Абон Владимир архайы программæ «Доблесть Осетии»-йы. Уый йын дæтты хуыздæр фадæттæ адæмæн дарддæр дæр медицинон лæггад æмæ сын æххуыс кæнынæн, цæмæй сæм цæрыны ныфс уа æмæ сæ сомбон та – райдзаст, ууыл архайынæн. Уыцы хъуыддаджы йын зондамонæг у нæ республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов**. Йæ фæрцы Владимирæн йæ зонындзинæдтæ æмæ йæ дæсныдзинад ноджы кæй фæфылдæр уыдзысты, уый дызæрдыггаг нæу.

**МАГКÆТЫ Стеллæ,
æхсæнадон уацхæссæг**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Йæ фæндырыл йæ зæрдæ сивта...

**Æрчъегкаты Мæдинæт райгуырдис æмæ хъомыл кодта кадджын быдираг хæу Заманхъулы бирæ бинонты ’хсæн. Сæ фыд Хæстыбег сæрæнæй архайдта колхоз «Ирыстон»-ы райрæзтыл. Уалдзæг – хортауæг, фæззæг – æфснайæг, уæдæ йæ уæрæх цæхæрадонæй дæр иста бирæ бæркад. Æнæзивæг архайдта йæ бирæ цот схъомыл кæныныл. Ахуырмæ сын ратта уæрæх фæндаг. Ацы хæдзары бинонтæ зæрдиагæй уарзтой хъæлдзæгдзинад, æргом зæгъгæйæ та – фæндыры зæлтæ.**

Хæстыбеджы хистæр чызг Изæ бæстон базыдта фæндырæй цæгъдын. Иу ныхасæй, рауадис дзы дæсны фæндырдзæгъдæг. Йæ дæсныйадæй йæхи базонгæ кодта Дыгуры районы Культурæйы хæдзары хихъæппæрисадон къордты архайджытæн. Мæдинæтæй дæр дæсны фæндырдзæгъдæг йæ мадызæнæг хо Изæ рауайын кодта.

Зæрдæргъæвд Мæдинæт уайтагъд фæцалх ис фæндырæй цæгъдыныл æмæ-иу æрбадтис хъазтизæры, фæстæдæр æй хонын райдыдтой чындзхаст, чызгæрвыст, куывдтæм дæр. Культурон куысты уыд сæрæн архайæг. Заманхъулы Культурæйы хæдзары фæндырдзæгъдджыты къордæн разамынд лæвæрдта, æмæ цыдысты иу æнтыстæй иннæмæ.

Азтæ дугъон бæхæй уæлдай не сты, згъорынц размæ. Мæдинæты царды дæр æрцыдис бирæ ивддзинæдтæ. Уазæгуаты сæмбæлд Кæрдзыныхъæуы æмæ хуынд æрцыдис чындзæхсæвмæ. Уый фæндырæй куы ацагъта, уæд ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой æмæ кæрæдзи фарстой, чи у ацы дæсны фæндырдзæгъдæг, зæгъгæ.

Æрыгон лæппу Дзгойты Зауыры зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ бацархайдта сæ цард баиу кæныныл. Дыууæ æрыгон къайы кæрæдзиуыл æнувыд кæй уыдысты, уый бæрæг уыд бинонты цардыл. Рантыст сын фырыхъулы хуызæн æртæ лæппуйы æмæ иу чызг. Лæпputæ – Юри, Ибрагим, Игорь.

Мæдинæт дæргъвæтин рæстæг арæхстджын разамынд фæлæвæрдта лентуафæн фабрикæйы клубæн. Клубы куыстой кафджыты къорд 20 адæймагæй, зарджыты къордтæ та – 15. Фæндырдзæгъдджыты къорд дæр фылдæр кодта. Мæдинæйæ рох нæ уыдис нæ ирон æгъдæуттæ парахат кæныны куыст дæр. Ирон кадджын æгъдæуттæ, нæ фыдæлты фарн царды рауадзыныл сæ архайд уыдис уæды Кæрдзыныхъæуы хистæр Таутиаты Дрис æмæ Чеджемты Мæхæмæтæн. Клубы арæзт уыдис хистæрты совет дæр.

Лентуафæн фабрикæйы клуб æхгæд куы ’рцыдис, уæд Мæдинæт йæ фæндыримæ хуынд æрцыдис фосхæссæн совхозы Культурæйы хæдзармæ. Фæндырдзæгъдæгæй фæкуыста суанг пенсийы рацæуыны онг.

Мæдинæт Дзгойты фæрныг хæдзары у рæдау æфсин æмæ арфæйаг чындз. Йæ цотæн у разамонæг, дарынц бирæ фос æмæ мæргътæ. Уæдæ сæ æгъдау раттынмæ дæр ничи амбулдзæн. Мæдинæт хъал уыд йæ рæсугъд бинонтæй, йæ хиуæттæй, йæ хорз хæлæрттæй, йæ арфæйаг куыстæй. Хайджын бæргæ фæцис сылгоймаджы амондæй, фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн, уыцы амонд æваст фæкъахыр, æвирхъау хуызы зæххон цардæй ацыдис йæ хистæр зæнæг Юри, йæ фæстæ – æфсин Муфрат, уый фæстæ – йæ цардæмбал Зауыр.

Кæугæ бонтæ акодта Мæдинæтыл, фæлæ, адæмы фарнæй хайджын кæй фæцис, уый бæрæг дары йæ абоны царды. Хъæубæсты, сыхбæсты зиан куы æрцæуы, уæд йæ дыууæ лæппуимæ æнгом балæууынц æмæ зæрдиаг æххуыс бакæнынц. Алы зианы уæлхъус дæр æнкъардæй фæлæууы Мæдинæт, йæ сау цæстытæ арвмæ ныццæвы, цыма дзы йæ æдзард Юрийы цæсгом фенынмæ фæхъавы, уыйау. Йæ лæппу цардæй куы фæхъуыд, уæд Мæдинæт дæр йæ фæндырыл йæхи атигъ кодта...

Царды цыд бауромæн нæй, Мæдинæт дæр æнхъæлмæ кæсы чындзмæ, æмæ йæ къухы бафтæнт йæ бæллицтæ. Дæ цæссыг, Мæдинæт, мауал кæлæд – цины цæссыгтæй сæ раив.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,
Ирыстоны кадджын ветеран**

Уæлахизы 80 азы кадæн

# Црау хæсты рæстæг

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæ Црауы куыд цыдысты, уый тыххæй дын ныртæккæ бæлвырд ничи радзурдзæн, хъæуы хистæр фæлтæрты минæвærттæ кæй сихсыдысты, уымæ гæсгæ. Фæлæ раздæр азты æз лæгæй-лæгмæ фембæлдтæн Ботъоты Степанимæ (рухсаг уæд), æмæ мын уый фæкодта тугуарæн хæсты хабæрттæ.**

«Немыц нæ хъæу куы бацахстой, уыцы рæстæг абоны хуызæн хорз хъуыды кæнын, кæд мыл уæд 12 азы æххæстæй нæма цыд, уæддæр. 1942 азы октябры хæсты арт æввахсæй-æввахсдæр кодта Црауmæ. Фæстæдæр та нæм бомбæты рæмыгъдтытæ æмæ сармадзанты нæрын дзæбæх хъуысын райдыдтой. Иу бон куы уыдис, уæд Сындзыхъæуы 'рдыгæй немыцаг хæдтæхджытæ æрбатахтысты æмæ, Црауmæ 'ввахс цæугæдон Змисджыны галиуварс колхоз «Раздзог»-ы тракторон бригадæн цы хæдзар уыд (хъæуы цæрджытæ йæ «штаб» хуыдтой), уый цур бомбæтæ æрæппæрстой. Фæрæдтæ Гæлæуты Алихан æмæ Наташкæйæн æхсæвыгон сæ хъуджы – бинонты дарæджы, ратардтой се скъætæй. Куы йæ аргæвстой, уæд ын йæ сæр хæдзарæй рахизæны акомкоммæ кауы михыл æрсагъгой сæхицæн ахудыны, хæдзары бинонтæн та уæлдай маст скæныны тыххæй. Знæгтæ ныргæвстой Цæбиты Рацццæйы хуы, иннæ цæрджыты фос æмæ мæргъты дæр.

Уæвгæ, Црауы цы немыцаг-фашистон æфсæддон хæйттæ лæууыд, уыдон сæхæдæг дæр æвыд нæ уыдысты. Цæвиттон, хъæумæ хæстæг, Уастырджийы кувæндоны дæле колхоз «Раздзог»-æн кармæгты, æдæппæт 20 адæймаджы бæрц, æрæмбырд кодтой Созæты Дебойы хæдзары пъадвалы. Уæлдай фылдæр та дзы уыдысты 1928 азы гуырд црайуаг лæппутæ Дзбойты Тузар, Мæрзойты Гаврушкæ, Тохсырты Зелим æмæ иннæтæ, Сырх Æфсады рæнхъытæм цæуыны рæстæг сын кæй æрцæйхæццæ кодта, уый тыххæй. Дыууæ боны сæ ам фæдардтой, æнæ хæринаг ратгæйæ. Æртыккаг бон сæ рауагътой, фæлæ се 'ппæты нæ. Дуарæхгæдæй баззадысты Хохты Хæмыц æмæ Хъæрджынты Габо, партизантимæ баст кæй уыдысты, уый фæдыл.

Дарддæр сæ хъысмæт цавæр уыд, уый тыххæй-иу нæхи хъæуккаг Агънаты Георги дзырдта: «Немыц хъæуы цæрæг адæмы куы рауагътой, уымæй къуыри фæстæдæр æз иу бон айхъуыстон мæ сыхаг зæронд ус Кæсæбиты Мæлдзыгойы кæуынхъæлæс, Габо æмæ Хæмыцы немыц куы рацыдыстæм, уæд федтам не 'фсæддонты мæрдтæ. Чи фæцæф, йæ бон цæуын кæмæн нæ уыд, уыдоныл немыц зылдысты æмæ дзы удæгасæй иуы дæр нæ ныууагътой.

Фæлæ сæхиуыл дæр æрцыд зиантæ. Агънаты Георги куыд радзырдта, афтæмæй, ныртæккæ Цæгæраты Хъамболат кæм цæры, уыцы къуыппыл раздæр цы 'хсæры къудзитæ зади, уыдоны æхсæнæй десанты æфсæддон, Быгъдаты хæдзары цур æрлæууæг танчы чи бадт, уыцы немыцæгты, æддæмæ хизгæйæ, ныццагъта. Фæстæдæр Георги бабæрæг кодта хæцæн бынат, æмæ дзы банымадта, æфсæддон кæй фехста, уыцы гилдзыты 200 хъуыджы. Йæхæдæг бæргæ аирвæзт, десанты иннæ æфсæддонтæй та бирæтæ сæ мæлæт ссардтой Црауы зæххыл.

Абоны хуызæн мæ зæрдыл дарын: дыууæ ирон æвзонг лæппуйы мæ фарстой, сæ иу йæхи ставддуртаг рахуыдта, кæцырдæм ацæуæм, зæгъгæ. Æз дæр сæ донибылмæ сардыдтон, уырдæм ацæут æмæ хъæды бамбæхсдзыстут, зæгъгæ. Хъыгагæн, уыдоны мæрдтæ дæр фæстæдæр федтой Црауы доны былыл.

Дарддæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæ афтæ уыдысты, æмæ, Сырх Æфсады хæйттæ немыцаг тыхгæнджытæн бæрзæйсæттæн цæф куы ныккодтой Дзæуджыхъæумæ бацæуæнтæ æмæ Джызæлы бынмæ, уæд Црауы уæвæг немыцæгтæ Джеоргуыбайы къуырийы фæстæ, бæлвырддæр та 4 декабры, æхсæвы лидзæг фесты нæ хъæуæй.

Куы сбон, уæд цалдæр лæппуйы бацыдысты Црауы скъолайы бæстыхаймæ. Ам фыццаг уæладзыджы уыдис хъæуы пъæлицæйы комендант Борæты Баццегкæйы кусæнуат. Уый немыцы фæстæ алыгъд, фæстæдæр та цард Турчы. Лæппутæ йæ уаты дуар куы басастой, уæд йе стъолыл ссардтой, Црауы цæрджытæй 100 адæймагæй фылдæр фыст кæм уыдис, ахæм номхыгъд. Сæ фылдæр – коммунисттæ æмæ сæ бинонтæ, æппæты фыццаг та фыст æрцыд коммунист Мæрзойты Дзба. Немыц сæ марынмæ кæй хъавыдысты, уый цы базонын хъуыд. Кировы уынджы Хъæрджынты Тæтæрхъан кæм цард, уыцы хæдзары акомкоммæ Црауы доны былыл немыцæн æрдæгкондæй баззад, кæй арæзтой, ахæм ауындзæн.

Кæд хæст Црауæй адарддæр, уæддæр йæ азарæй фыдбылызтæ цыдысты йæ цæрджытыл. Уавæр афтæ уыд, æмæ хъæуы алыварс, хъæдбынты, уынгты, цæхæрадæтты, æндæр рæтты дæр ссарæн уыд гилдзытæ, гранаттæ, уырыссаг æмæ немыцаг фондзæхстонтæ. Суанг ма дзы разынд хæстон десантæй баззайгæ Дегтяревы пулемет дæр, æмæ сæм æнахъом сывæллæттæ куыд фæлæууыдаиккой æнæбавналгæ. Гранатты рæмыгъдтытæй, хæцæнгæрзты æндæр фыдбылызтæй сæ адзал ссардтой Белегкаты, Бекъойты, Цæрукъаты æдзард лæппутæ.



Алагиры районы партизантæ. Къорды командæгæнæг – ЛЕКЪТЫ А.Д., 1942 аз

мардысты, хъæуы цæрджытæ уæды онг кæй нæ зыдтой, ахæм æбæрæг уырыссаг сылгоймаг йе 'нахъом сывæллонимæ. Æвæццæгæн, лыгъд адæмæй уыдысты, ничи сæ базыдта Црауы цæрджытæй. Ардæм хæстæг колхозы фысвос хызтой фыййæуттæ Мсойты Елберд, Бесаты Симон æмæ Мæрзойты Дзаххотт. Фыдбылызтæ хъæуы цæрджытæй никæуыл æрцыд, æрмæст немыцæгтæ фысты дзугтæ ныццагътой пулеметтæй. Адæмы тас бацыд, æмæ сæ сæр сæ кой ссис. Стурæй, сæгъæй, фысæй сæ атардтой Змисджыны коммæ, æмæ сæхæдæг дæр уым æрцардысты. Хуыскъаг фос кæмæ уыдис, уыдон сæ æргæвстой æмæ афтæмæй бонæй-бонмæ ирвæзтысты. Сæ хæдзæрттæ цы фесты хъæуы, уый мæт та алкæйдæр куыд нæ уыдис. Фæлæ нæ бинонтæ никæдæм алыгъдысты, цæхæрадоны ныггæнд скъахтам æмæ уым цардыстæм. 1942 азы, октябры дыккаг æмбис уыдаид, афтæ ныггæндæй схызтæн, нæ хæдзары цур æхсынцъы бæласы бын сбадтæн. Иу рæстæг кæсын, æмæ цыппар немыцаг танчы ссæуынц уынджы. Мæ цурмæ куы схæццæ сты, уæд баурæдтой. Немыцæгтæ сæ хъуыры цъæрттæ ивæзтой, къухтæй амыдтой, æмæ æнæмбаргæ цы уыди, танкты чи бадт, уыдонæн дойны кæй уыдис, уый.

Нæ сыхæгты чызг Саулаты Анусиат сын бедрайы дон рахаста. Немыцæгтæ сæ дойны куы суагътой, уæд сæ иу бавдæлд æмæ, бедрайы ма цы дон баззад, уый Анусиатыл бакалдта. Уый дæр сæ æлгъыстыты бын фæкодта: «Уæ хæдзæрттыл мауал сæмбæлут! Уæ сау рондз фæкалут, цъаммар немыцæгтæ!»

Фæстæдæр немыцаг-фашистон æфсæдтæ æрбабырстой Црауmæ. Разæй тахтысты хæдтæхджытæ æмæ мотоциклетджынтæ, сæ фæстæ та цыдысты иннæ гæрзифтонг тыхтæ, æмæ цыбыр рæстæгмæ хæстон техникæйæ азмæлæн нал уыд Црауы уынгты.

Уыцы рæстæджы хъæуы цæрджытæ сæхи æмбæхстой хъæды алы кæмтты. Хъæуы ма чи баззад, уыдонæн æмбарын кодтой, цæмæй, хъæды йæхи чи æмбæхсы, уыцы адæм сæ хæдзæрттæм æрцæуой. «А то мы туда бум-бум будем делать!» – уыдис немыцæгты æртхъирæн ныхас.

Ацы домæн фæстæдæр хъæуы лыгъд цæрджытæ куы фехъуыстой, уæд æрцыдысты хъæдæй. Фæлæ сæм тыхгæнджытæ хорз цæстæй куыд хъуамæ ракастаиккой? 1942 азы фæззæг уыдис æнæмит, æрæгмæ æруарыд. Немыцаг танктæ кæй сызмæстой фæндæгтæ, уый тыххæй цъыфæй азмæлæн нæ уыд уынгты. Уымæ гæсгæ, немыц, стæй, сæ цæнгтыл пъæлицæйаджы урс хæцъилтæ чи бабаста æмæ фашисттæн хъузон чи ныллæууыд, уыцы црайуæгты æххуысæй (уыдысты 25 пъæлицæйаджы) сылгоймæгтæ æмæ зæронд лæгты тардтой уынгтæ цъыфæй сыгъдæг кæнынмæ.

Уымæй уæлдай, немыц, стæй румынæгтæ дæр нæ ауæрстой хъæуы цæрджыты фос æмæ мæргъты цæгъдыныл. Зæгъæм, црайуаг зæтофы хуым æнæкъахтæй баззад, æмæ дзы нæхиуæттæ немыцы æрбацæуыны агъоммæ минæты бадыр сарæзтой. Иу бон куы уыд, уæд румынæгтæ æртæ бричкæйæ, дыгай лæгтæ дзы бадти, афтæмæй рацыдысты, ам 50 метрæй 50 метрмæ цы æхсæз мæкъуылы уыдис, уыдон сæ бæхтæн ласынмæ.

Ацы рæстæг цæугæдон Змисджынæй Саламты хиды æхсæн сцæйцыд, йæ сæр æхгæд кæмæн уыд, ахæм рог немыцаг автомашинæ. Куыддæр румынæгты размæ схæццæ, афтæ фæндагæй иуварс фæзылд æмæ 20 метры бæрц батахт минæты быдыры. Фæлæ не 'фсæдты æвæрд танкты ныхмæ минæ срæмыгъта, æмæ автомашинæ хæрдмæ фæхаста. Гæрахæй румынæгты бæхтæ фæтарстысты, æмæ уыдон дæр фæйнæрдæм ныййарц сты минæты быдыры. Фæд-фæдыл цыппар минæйы гæрахы фехъуыст, æмæ румынæгтæй иу дæр нал аирвæзт, рæмыгъдтыты уылæнтæ сæ хæрдмæ фæхастой æд бричкæтæ.

Ацы цауæй цалдæр боны рацыд, афтæ немыцæгтæ хъæуы алы хæдзары дæр цардысты, фæрсгæ та никæй кодтой, махмæ дæр дзы авд немыцаджы æрфысым кодтой. Ме ссыдмæ немыцæгтæ, сæ бинонты къамтæм кæсгæйæ æмæ цæссыг калгæйæ, æмхуызонæй куыдтой. Æз къухæй амонын дæлбулкъон Оттомæ, цæмæн кæуынц, зæгъгæ. Уый мæм йæ бинойнаг æмæ йæ чысыл чызджы къам иумæ истæй равдыста, стæй мын бамбарын кодта, йе 'мбæлттæ сæ бинонты куы нал феной, уымæй тæрсынц æмæ уый тыххæй кæуынц, зæгъгæ.

Дарддæр Отто мæнæн загъта: «Ваш Сталин крепкий человек», партизантæ, дам, дзæгъæл нæмыг нæ уадзынц. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: «Ты – человек, я – человек. Зачем друг друга стреляем?»

Немыц Црауы чысыл куы афæстиат сты, уæд иу бон хъæуы нæлгойамардтой, зæгъгæ. Дзыхъхъ скъахын кодтой нæ цæхæрадоны фæстæ хъæдрæбын, стæй сæ дыууæ немыцаджы фехстой».

Знæгтæ нæ фæтæригъæд кодтой дохтыр Хъæрæсаты Къолайæн дæр. Кæйдæрты нымыгъдæй, æгъатырæй амардтой дыууæ æнахъом сывæллоны мад Тохсырты Оляйы дæр, хæсты размæ Црауы хъæууон советы нымæрдарæй кæй куыста, уый тыххæй. Хъæуы цæрджытæ бирæ фæмаст кодтой ацы зиантыл, фæлæ сæ бон цы уыд æндæр. Мæхæдæг нæ хъуыды кæнын, фæлæ, хъæуы цæрджытæ фæстæдæр куыд дзырдтой, афтæмæй уыцы тугуарæн бонты ирон лæг немыцаг булкъоны уæлæдарæсы зылд хъæуы хæдзæрттыл, дзырдта, ирон адæм, кæрæдзийы ма нымудзут, зæгъгæ, фæлæ йæм ничи байхъуыста.

1942 азы ноябры иу æхсæв хъæуы кæройнаг уынг (бынæттон цæрджытæ йæ Хъæды сых хонынц) хæсты быдыр фестад. Пулеметты, автоматты къæр-къæрæй, топпыты гæрæхтæй, гранатты срæмыгъдтытæй хъустæ къуырма кодтой, ракетæты рухсæй та арв уыдис боны хуызæн ирд. Фæстæдæр хъæуы цæрджытæ куыд базыдтой, афтæмæй махонтæ æфсæддон десант æрбаппæрстой хъæдæй. Фæлæ сæ командæгæнæг, цавæрдæр æбæрæг гуырдзиаг лæг, раздæр йæхи ратта немыцы къухтæм æмæ сын радзырдта, десант сæм кæй ныббырсдзæн, уый. Хабар зонгæйæ, немыц дæр йæ ныхмæ танктæ æмæ гæрзифтонг тыхтæ æрæвæрдтой.

Уæддæр хæстон десанты æфсæддонтæ раззаг хахх æрбатыдтой Коминтерны уынджы æмæ дыккаг Фæскомцæдисон уынгмæ æрбахæццæ сты. Ам дæр та хæст стынг. Тæссаг уыд дзæгъæл нæмыгæй. Æз дæр мæ кæстæр æфсымæр Петяйы ме 'ккой акодтон, æмæ нæ ныхмæ Саулаты пъадвалмæ балыгъдыстæм. Не 'хсæв уым арвыстам, райсомæй

Дæргъвæтин рæстæг рацыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг нæ хъæуы цы æвирхъау цаутæ æрцыд, уыдоныл. Хъыгагæн, уавæр афтæ у, æмæ сырхæфсæддон десанты тыххæй ныронг ницы фыст æрцыд Цæгат Ирыстоны историон литературæйы. Абон дæр зындгонд не сты, Црауmæ чи ныббырста, уый цавæр æфсæддон дæлхайад æмæ кæцæй уыдис, уыдæттæ. Уымæй уæлдай, десанты архайæг æфсæддонты – æвзонг лæппуты мæрдтæ нығæд æрцыдысты, сæ адзал чи кæм ссардта, уыцы бынæтты: хъæдрæбынты, уынгты, цæхæрадæтты, æфсымæрон ингæны та нæ хъæуккаг ацæргæ лæгтæ Бутаты Сæхæм, Дзбойты Батыр, Черчесты Батрадз бавæрдтой 9 хæстоны, фæлæ десанты хæстонтæн иу ран дæр цыртдзæвæн нæй. Хъæуы абоны хистæртæй ма чидæртæ зонынц, уыдон кæмыты нығæд æрцыдысты, уый, æмæ бирæты фæндон ахæм у, цæмæй хæстонты стджытæ къахт æрцæуой. Хъуамæ къухы бафта æбæрæг нæмттæ сбæлвырд кæнын дæр. Иумæйаг цыртдзæвæн сын арæзт куы 'рцæуид, уæд нæ хæс бафидиккам æбæрæгæй фесæфæг хæстонты раз, сæ зæххы хай та сын хæлар уаид».




**Ныхас ныффыста**
**ТОХСЫРТЫ Къоста,**
**РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг**

Цæлхæмбырд

# Мыггагæй мæ бафæрс

**Дзæуджыхъæуы ныр дыккæгæм хатт уыд Хуыбиаты мыггаджы равзæрды историйы фæдыл уæнгты æмбырд. Ныхас цыд æрвадиуæггæнæг мыггæгты хæстæгдзинадыл, сæйрагдæр та, мыггагæй цæгат æмæ хуссары, Уæрæсейы иннæ рæтты, стæй фæсарæнты чи цæры, уыдон цы æрмæг æрæмбырд кодтой, уыдæттыл. Цæлхæмбырды архайдта генеалог, историон наукæты доктор МÆРЗОЙТЫ Ислам-Бег.**



Йæ уидæгтæ базонынмæ стæм адæймаг нæ тырны. Мыггаджы равзæрд æмæ азты цыды йæ рæзты историйыл бакусынил архайд цæуы генеалогион зонындзинæдты фæрцы. Æрмæг æмбырд кæнгæйæ, архивты, дзыхæй дзургæ адæмон сфæлдыстады фæрцы мыггагимæ баст таурæгътæ лæвæрд цыдысты иу фæлтæрæй иннæмæ. Сæ фæрцы ис иу хатдзæгмæ æрцæуæн, кæм, куыд равзæрд мыггаг, чи уыд мыггаджы фыдæл. Архивты æрмæджытæ кæд кадавар сты, уæддæр Гуырдзыстон, Цæгат Ирыстон æмæ Хуссар Ирыстоны архивты бантыст, уый фæдыл информаци агургæйæ йæ ссарын. Къухы бафтыд, таурæгътæ æмæ хицæн фыдæлтыккон хабæрттæй абонмæ чи æрхæццæ, уыдон сæмбырд кæнын.

Адæмыхæттыты рацу-бацу иу ранæй иннæмæ æркодта уымæ, æмæ арæхдæр бæрæг нал вæййы, мыггагæй чи кæцæй рацыд. Цадæггай, хистæрты фæрсгæйæ, информаци æмбырдгонд цæуы. Архивты гæххæттытæм гæсгæ сбæрæг, мыггаджы фыдæл чи уыд, кæм цард, йæ фæстæ цы фæлтæртæ ныууагъта, уыдæттæ. ДНК-йы хатдзæгтæм гæсгæ сбæрæг, Хуыбатæ æмæ Хуыбиатæ иу мыггаг кæй сты. Куыстытæ бакæныны хæрдзтæ дæр йæхимæ райста, хъуыддаг сыræзыныл, удуæлдайæ чи архайы, уыцы адæймаг – **Хуыбиаты Мæирбег**. Бирæ хабæрттæ бантыст раиртасын æмæ сбæлвырд кæнын, фæлæ уый кæрон нæма у: цас дарддæр, уый бæрц цымыдисагдæр хъуыддæгтæ цæуынц бæрæггонд. Куыст кæронмæ куы 'рхæццæ уа, уæд æрмæгыл бакусыны фæстæ мыхуыры рацæудзæн мыггаджы историйы чиныг.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къам систа**
**ХУЫБИАТЫ Георги**

Аивад æмæ адæймаг

# Йæ уарзон зарæгимæ йын загътой фæстаг фæндараст...

**Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, æмæ немыцаг фашистты æфсæдтæ нæ бæстæмæ куы 'рбабырстой, уæд Дыгургомæй гуылæрыхъæуккаг Золойты Габыц дæр ацыд райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ. Йæ ацæуыны агъоммæ изæр бирæ зæрдиаг ныхæстæ фæкодта йæ цардæмбал Дауханимæ, фæдзæхста йын, хæдзары хабæрттæ куыд хуыздæр кæнын хъæудзæн, сæйрагдæр йе 'ргом цæмæ хъуамæ аздаха, цæмæй бинонтæ мацæмæй батыхсой, сæ цыппар хъæбулы рæзой зæрдæхъæлдзæг, æнæнизæй. Ныфсытæ æвæрдта йæ бинойнагæн, бафæразут, бабыхсут, знаджы тагъд фæсурдзыстæм æмæ нæ фæстæмæ нæхимæ хъæуы, зæгъгæ. Стæй авдæны раз æрлæууыд, уым адджын фынæй кодта йæ кæстæр – æртæмæйдзыд Майрæн. Бирæ йæм фæкаст фыд, стæй арф ныуулæфыд æмæ сабыргай загъта: «Иннæтæ хистæр сты, сæхиуыл фæхæцыдысты, фæлæ мын ацы гыццылмæ уæлдай стырдæр æргом аздах. Куы сыздæхон хæстæй, уæд хъуамæ иннæтимæ мæ размæ разгъора...»**

Нал сыздæхт Габыц, баззад тохы быдыры, йæ цард ратта Фыдыбæстæйы сæраппонд.

Даухан та, куыд Ирыстоны, Уæрæсейы мингай идæдз устытæ, нæ бацауæрста йæ хъарутыл, æхсæвæй-бонæй зæрдиаг куыст кодта, цæмæй йæ сабитæ байрæзой, сæ къæхтыл слæууой, цардыаккаг бынат ссарой.



ЗОЛОЙТЫ Майрæн

Азтæ рацыдысты, бахъомыл сты Габыц æмæ Дауханы цот, сæ мадæн æххуысхъом фесты. Бинонтæ ралыгъдысты Гуылæрæй Заводы поселокмæ, сарæзтой уым хæдзар, кæстæртæй алчидæр ахуыры фæндагыл æрлæууыд, агуырдтой сæ зæрдæйы фæндиаг дæсныйад.

Майрæн суанг йе 'взонг бонтæй фæстæмæ бирæ бауарзта хъæбатырты адæмон зарджытæ. Фæлвæрдта сæ йæхæдæг дæр зарыныл, æмæ йе 'мгæрттæ куыдфæстæмæ фиппайын нæг ссис. Ансамблимæ хорз зонгæ уыдысты канд Ирыстоны аивадуарзджытæ нæ, фæлæ Уæрæсейы алы къуымты дæр, цалдæр хатты иу уыди Золойты Майрæн. Йæхи зæрдæмæ дæр уæлдай тынгдæр кæй цыди, уымæн та æвдисæн у иу хабар, ракодта мын æй Майрæны цардæмбал Теминæ. Ацы азы ноябры кæрон сæххæст уыдзæн дыууæ азы, Майрæн не 'хсæн кæдæй нал ис, уæдæй. Æмæ тынг куы æррынчын, уæд йæ хиуæттæн бамбарын кодта йæ фæстаг фæндон: куыд райхъуыса магнитофоныл фыстæй Хæмыцаты чысыл Хæмыцы тыххæй йæхи зарæг.

Тынг бирæ дзыллæтæ æрæмбырд Золойты кæрты Майрæнæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ. Куыд нæ сæххæст кодтаиккой хиуæттæ сæ уарзон хистæры фæстаг фæндон. Æмæ, саударæн митинджы фæстæ зарæджы зæлтæ куы райхъуыстысты, уæд тæккæ фидарзæрдæ нæлгоймæгтæ дæр сæ цæссыгтæ нал баурæдтой...

Дард кæддæр, сæдæ-



Фольклорон ансамбль "Чепена". Æртыккаг рæнхъы рахизæрдыгæй дыккаг – ЗОЛОЙТЫ Майрæн

райдыдтой: хуыздæрæй-хуыздæр кодта йæ зарæггæнæджы æрмдзæф, чындзæхсæвты, куывдтыты кæнæ та æрдзы хъæбысы сæ фæллад уадзгæйæ. Майрæн-иу тынг зæрдæмæдзæугæ акодта йæ уарзон адæмон зарджытæ.

Уæдмæ йыл йæ цæст æрхæцыд зындгонд композитор Цорионты Резванæн. Уый уыцы азты сарæзта фольклорон ансамбль «Чепена». Майрæны дæр æм бакодтой, æмæ дзы профессионалон зарæггæгастрольты ацыдысты суанг фæсарæнтæм дæр – Болгаримæ, Чехословакимæ, æрбаздæхтысты-иу бирæ хæрзиуæджытæ æмæ призтимæ.

Майрæны репертуары уыдис дзæвгар алыхуызон зарджытæ, фæлæ уæлдай зæрдиагдæрæй кодта алы хатт дæр Хæмыцаты чысыл Хæмыцы зарæг. Ирон адæмон зарджытæ хорз чи зоны, уыцы адæймæгтæй бирæты хъуыдымæ гæсгæ, Хæмыцы зарæг рæсугъддæр æмæ аивдæр чи кодта, уыдонæй гай азты размæ, равдыста йæ лæгдзинад, хъару æмæ æхсар Хæмыцаты чысыл Хæмыц, зæгъæн ис, сабыр дуджы царды уавæрты. Фæлæ мæм афтæ кæсы, æмæ нæ рагфыдæл, не 'рвад нæ рæстæджы куы цардаид, ацы змæст æмæ тызмæг дуджы, уæддæр æгуыдзæгæй йæхи нæ равдыстаид йæ Фыдыбæстæйы, йæ адæмы сæраппонд тох æмæ хабæртты.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Форум

# Цæстыты æнæниздзинад бахъахъхъæнын – сæйраг нысан



**Регионты 'хсæн III наукон-практикон конференци «Аланийы офтальмологи-2025» дыууæ боны, 6 æмæ 7 сентябры, æнтыстджынæй цыди Дзæуджыхъæуы. Йæ архайджытæн æгасцуай æмæ арфæйы ныхæстæ загъта Республикæ Цæгат-Ирыстон-Аланийы Хицауады сæрдары хæдивæг Александр РЕУТОВ.**

Форумæн ис стыр ахадындзинад, хъомысджын фæзуат ссис Цæгат Кавказ æмæ Уæрæсейы зынгæ офтальмологтæн сæ фæлтæрддзинадæй кæрæдзийæн фæхай кæнынæн.

Ацы аз конференцийы географи æмæ йæ æмвæзад дзæвгар сырæзыдысты. Цæгат Ирыстон, Кæсæг-Балхъар, Стъараполы край, Цæцæн, Мæхъхъæл æмæ Дагъистаны специалисттыл ма бафтыдысты, Мæскуы æмæ Бетъырбухы кусæг Цæгат Ирыстоны Медицинон академийы рауагъдонтæ. Уый та дзурæг у, профессион форум ахсджиаг цау кæй у, дохтыртæ-офтальмологтæ, иртасджытæ æмæ ахуыргæндтæн цæстыты æнæниздзинад бахъахъхъæнынæн сæ размæ цы ахсджиаг нысантæ лæууы, уыдон алыг кæныны хъуыддаджы.

Конференци ахъаз у дохтырты фæлтæрддзинад фæбæрзонддæр кæнынæн, диагностикæ æмæ дзæбæхкæныны нырыккон мадзæлттæй пайда кæнын æмæ профессион бастдзинад фидардæр кæнынæн. Дзæуджыхъæуы ахæм егъау форум арæзт кæй æрцыд, уый, æнæмæнг, хуыздæрæрдæм фæзындзæн бынæттон специалистты профессион авналæнтæ фæуæрæхдæр кæныныл æмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы, куыд медицинон туризм æмæ наукæйы центры, кад фæбæрзонддæр кæнынæн.

Форум саразынил зæрдиагæй бацархайдтой РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад, Цæгат Ирыстоны Медицинон академи, республикæйы Офтальмологийы центр, Уæрæсейы офтальмологты æхсæнад.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Хъомылад

# Бæллиццаг лæвар

**Ног ахуыры аз райдайæны хæд размæ Дзæуджыхъæуы æфсады инæлар Плиты Иссæйы номыл 26-æм астæуккаг скъолайы коллектив райста Дзанайты Азанбеджы номыл культурæйы фонды зæрдæзæгъгæ лæвар – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты зындгонд æфсæддон разамонæг, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр Плиты Иссæйы скульптурон ныв-бюст. Саразта йæ курдиатджын æрыгон скульптор Дзбойты Арсен.**

**Фонды сæргълæууæг Дзанайты Зауыр куыд загъта, афтæмæй нæ номдзыд æмзæххоны сурæт, æнæмæнг, стыр æххуыс уыдзæн рæзгæ фæсивæды патриотон хъомыладæн, йæ цард æмæ намысджын хъуыддæгтæ сын уыдзысты аккаг дæнцæг сæ дарддæры царды.**

**ДЗАНАЙТЫ Азанбеджы номыл культурæйы фонды пресс-службæ**



Коммуналон къабаз

# Фидгæ – æрмæст бæлвырд фæзуатыл

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ амындмæ гæсгæ нæ республикæйы доны хæдзарады (Водоканалы) специалисттæн хæсгонд у, цæмæй цæрджыты хæдзæрттыл æрзилой æмæ алкæмæн дæр бæлвырд банымайой, сæ зæххы хаййы дон цас фæзуатыл хардз кæнынц, уый. Уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ кæндзысты фидгæ дæр донхорыг кæныны бæрцыл дæр.**

Æрхонкæйы станицæйы цæрæг Иван Хорунженко куыд загъта, афтæмæй уый дæр амæй фæстæмæ донхорыг кæнынæн æхца фиддзæн æрмæстдæр нымад фæзуатмæ гæсгæ.

Стæй бахахх кодта Æрхонкæйы станицæйы цæрджытæн, куыд никуы раздæр, афтæ донæй æфсадыны хабар цæхгæр фæхуыздæр, алцæмæн дæр фаг кæны. Суанг ма дзы сабитæн бассейнтæ дæр байдзаг кæнынц.

Иу хатт ма уын уæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм – донхорыгæн фидын кæй нæ фæнда, уымæн йæ бон у



сæрмагонд бæрцнымайæнтæ (счетчиктæ) сæвæрын сæ хæдзары. Уый фæрцы сæ коммуналон хæрдзтæ дыууæ хатты къаддæр фæуыдзысты.

**БУТАТЫ Азæмæт**

Ирон хъæлдзæг ныхæстæ

## Еууы ссадæй цымгæ

Иуахæмы иу æхсины лæг, ирон инæлар, афтæ дзуры Къостамæ:

– Мæ гуыбынæй мæлын, Къоста, исты хос мын ацамон!

– Æмæ уагæры цы бахордтай? – дисгæнгæ йæ фæрсы Къоста.

– Еууы ссадæй цымгæ, – дзуапп ратта æхсины лæг.

Уæд ын Къоста афтæ амоны:

– Кæсæнцæстытæ рафысс дæхицæн.

– Кæсæнцæстытæ та цæмæн? – бадис кодта æхсины лæг. – Мæ цæстытæ нæ – мæ гуыбын риссы!

– Нæ, дæ цæстыты аххос у! Ды куырм куы нæ уаис, уæд федтаис, хæрæджы хæринаг кæй хæрыс, уый, æмæ ныр дæ гуыбынæй нæ хъæрзис! – загъта Къоста.

## Къостайы дзуапп æлдæрттæн

**Иухатт Къоста æлдæрттимæ цай цымдта. Цымд куы фесты, уæд æлдæрттæ сæ агуывзæтæ тæбæгъты фæфæрсыл кодтой.**

**Æфсин цайдан систа æмæ та Къостайы агуывзæ байдзаг кодта. Уæд ын Къоста афтæ зæгъы:**

**– Бузныг, æз нал цымын.**

**Æлдæрттæ йыл бахудтысты:**

**– Æмæ дæ кæд нал хъæуы, уæд мæнæ махмæ нæ кæсыс? Ды дæр афтæ фæфæрсыл кодтаис дæ агуывзæ.**

**– Уый та куыд нæ зонын, нæ цытджын æлдæрттæ, фæлæ мæн дæр, мыййаг, исчи хуы куы фæхона.**

**– Ау, уæдæ мах хуытæ стæм?! – фæмæсты сты æлдæрттæ Къостамæ.**

**– Æмæ æз сымах тыххæй куы ницы зæгъын, фæлæ хуы афтæ фæкæны, куы бафсæды, уæд йæ тæгæна йæ бырынкъæй фæдæлгоммæ кæны.**

Пресс-релиз

# Асайдта 2,5 милуан сомы

**Уæрæсейы æдасдзинады федералон службæйы Цæгат Ирыстоны управленийы кусджытæ баурæдтой Алагиры районы цæрæг адæймаджы, аххосджын æй кæнынц, цæстфæлдахæн архайды фæрцы æхцайы стыр бæрц кæй расайдта, уымæй.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй уый Уæрæсейы Пенсион фонд æмæ Социалон фæдзæхстады нæ республикæйы хайæдтæм ратта, 2007 азæй нырмæ куысты æмæ куысты сæрмагонд уавæрты тыххæй мæнг документтæ, кæцытæм гæсгæ йын раттой 2,5 милуан сомы.

Уыдæттæ хынцгæйæ, уыцы адæймаджы ныхмæ байгом кодтой уголовон хъуыддаг ахæм хатдзæгимæ: «Цæстфæлдахæн митæ æхца райсыны тыххæй». Хъуыддаг аххосгæнæн хатдзæгтимæ арвыстой Алагиры районы тæрхондонмæ.

**УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Дохтыры ардхæрдыл – æнувыд

Адæймаг бирæ фæцæра, гыццыл, уæддæр æй бахъæуы дохтыры æххуыс. Æцæгæйдæр, адæймаджы дохтыр йæ къæхтыл слæууын кæны, цыфæнды тыхст рынчын куы вæййы, уæддæр. Арф зонындзинæдтæ та дохтыр райсы, Медицинон академийы ахуыргæнгæйæ. Медицинон лæггæдтæ хуыздæр æмæ парахатдæр кæнын байдыдтой Кировы районы дæр. Медицинон къабазимæ бастæй национ проекттæ, федералон æмæ паддзахадон программæтæ æххæст кæны Цæгат Ирыстон дæр. Уый фæрцы нæ республикæйы горæттæ æмæ районтæ азæй-азмæ парахат æмæ нывылдæр кæнынц медицинон æххуыс.

Дохтырты аудындзинад бавзæрстон мæхиуыл æмæ бузныгæй базадтæн Кировы районы æнæниздзинады æппæт кусджытæй дæр. Цæвиттон, мæ къахайст мæхи бар нал уыдис, мæхи æвзæр æнкъардтон. Мæ чындз Алисæ мæ фæхæццæ кодта раздæр Кæрдзыны хъæуы амбулаторимæ, уый фæстæ та – районы рынчындонмæ Елхотмæ. Уайтагъд дохтыртæ мæ уæлхъус алæууыдысты, чи мын мæ туджы æлхъывдад бæлвырд кодта, чи – мæ улæфт.

Иу ныхасæй, бацархайдтой мæ низ раиртасыныл, фервæзын кæныны æппæт мадзæлттæ скодтой. 18 боны дæргъы мæ низ фæсурыныл фæтох кодтой дохтыр-терапевт **Баситы Каринæ** æмæ хайады сæргълæууæг **Золойты Юля**. Юля, медицинон наукæты кандидат уæвгæйæ, ныр дæргъвæтин рæстæг арæхстджын разамынд дætты ацы хайадæн.

Уæдæ æнæзæгъгæ нæй мæ дзæбæхгæнæг дохтыр Баситы Каринæйы арфæйаг куысты тыххæй. Уый алы бон дæр фæтагъд кæны йæ рынчынтæм, йæ фæлмæн ныхас, йæ ахадгæ къухты февнæлд адæймагмæ сæвзæрын кæны цардмæ уæндондзинад. Уæдæ йæ амынд хостæй дæр рынчын баззайы разыйæ. Мæнæн цы бирæ уколтæ фæкодтой, уыдонæй баззадтæн разыйæ, мæхи хуыздæр æнкъарын райдыдтон æмæ дзы дæн бузныг.

Хайады палатæты сыгъдæгдзинад адæймаджы зæрдæ барухс кæны, ис дзы, куыд уазал дон, афтæ хъарм дон дæр. Уæдæ медицинон хоты æвнæлд æмæ узæлдæй рынчынтæ баззайынц разыйæ. Хъæрныхасæн дзы бынат нæй. Хæринаггæнджыты архайд дæр у раппæлинаг, бон æртæ хатты хæрзад хæринаг парахатæй æрæвæрынц рынчынты цур.

Иу райсом мæхи аирхæфсон, зæгъгæ, палатæйæ куы рацæйцыдтæн, уæд фембæлдтæн хайады сæргълæууæг Золойты Юляйыл, йæ фарсмæ – астæуккаг кары лæппу, афтæмæй.

– Арсæмæг, зонгæ уæ кæнын рынчындоны сæйраг дохтыр Айдары-фыртимæ, – сдзырдта мæм Юля. Лæппулæг мын мæ къух райста æмæ мын зæрдиаг арфæ ракодта. – Мах архайд уыдзæн сымахæн æмæ æппæт рынчынтæн се 'нæниздзинад фæрæвдздæр кæныныл, – загъта мын сæйраг дохтыр. Уыцы бон æрзылд палатæйыл æмæ, цы хъуагдзинæдтæ раиртæста, уыдон иуварсгонд æрцыдысты.

Рынчынтимæ ахæм фембæлдтытæ арæх кæй аразы, уый стыр ахъаз у медицинон архайдæн. Ме 'нæниздзинад кæй руаджы фæхуыздæр, мæ къæхтыл æдæрсгæ цæуын кæй фæрцы байдыдтон, уыдонæн мæ уарзон иузæрдион газет «Рæстдзинад»-ы фарсыл стыр бузныг зæгъын.

Ацы рынчындоны ма фембæлдтæн елхотаг рынчын, раздæры æхсæнадон архайæг **Елойты Борикыл**, уый та мын афтæ радзырдта:

– Змæйкæйаг фæсивæды медицинон куыстмæ йæ рæстæджы сразæнгард кодта Гæбуты Петройы фырт Гермæн, æмæ ма йæ абон дæр бирæ адæм æрымысынц. Баситы Каринæ дæр у змейкæйаг, кусы ацы хайады дохтырæй æмæ адæмы æнæниздзинадыл у тынг æнувыд.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг, Ирыстоны кадджын ветеран**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**




Утерянный аттестат Ногирской средней школы № 1, серия 15240076606651, выданный в 2022 году на имя Богова Ирбека Аламатовича, считать недействительным.

**Хæмыцаты мыггагæн уыдзæн мыггаджы куывд, цæудзæн дыууæ боны – 13 æмæ 14 сентябры мæнæ ахæм адрисыл: Дзæуджыхъæу, Тельмæны уынг, 45-æм хæдзары.**

**Æмбырд кæндзысты 13 сентябры 13 сахатмæ. Хонæм нæ сиæхстæ æмæ хæрæфыртты дæр.**

**Хабæрттæ бæлвырддæр базонæн ис мæнæ ахæм телефонæй: 8-918-825-93-01 (Авдан).**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51, 25-92-72.**

**Продается ветхий дом, 80 квадратных метров, в районе Филармонии. Цена – договорная. Тел.: 8- 989-748-05-72.**

**Для повышения плодородия почвы продаем качественный конский перегной и чернозем в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2715. Заказ № 1000. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**